

BOSTON SE YON VIL KI PARE POU CHANJMAN NAN KLIMA YO

Lè nou prepare Boston pou l fè fas a pwoblèm chanjman [sic] nan klima yo, sa ka ankouraje devlopman ekkitab lèfini li ka kreye travay; li ka amelyore sèvis transpò ak lòt sèvis kòminotè; li ka pèmèt moun gen plis aksè a espas ki louvri (an plennè); epitou li ka amelyore lasante ak sekirite. Se Vil Boston ak komisyon Green Ribbon (Riban Vèt) ki dirije inisyativ Boston Pare Pou Chanjman nan Klima yo (Climate Ready Boston). Objektif inisyativ Boston Pare Pou Chanjman nan Klima yo (Climate Ready Boston) se idantifye kijan klima Boston pral chanje, kisa ki gen plis risk, ak etap nou ka pran pou amelyore kominote nou an pou demen ka pi bèl. Li ranfòse angajman vil Boston pran pou l adrese pwoblèm rechofman global la nan pran mezi pou l diminye kabòn ak lòt kalite emisyon. Rapò Boston Pare Pou Chanjman nan Klima yo (Climate Ready Boston) disponib nan (<https://www.boston.gov/environment-and-energy/climate-ready-boston>) epi yo te devlope rapò sa a grasa kontribisyon gwo savan ekspè; anplwaye vil la, anplwaye rejyonal ak anplwaye leta; sèvis piblik; òganizasyon kominotè ak òganizasyon ki pa travay pou pwofi.

Men Sa K ap Tann Nou

Kòmanse ak tanpèt nèj ki bat rekò an 2015 rive nan inondasyon k ap kontinye rive pi souvan nan Morrissey Boulevard – enpak klimatik yo deja prezan epi nou antisipe ke y ap ogmante, y ap afekte moun, ekonomi a, sèvis enpòtan yo, rezidans prive ak biznis. Moun ki ka pi afekte akòz derègleman klimatik yo se timoun ak granmoun aje, moun ki gen pwoblèm sante ak moun ki andikape, manm nan kominote yo ki gen revni ki ba oswa ki pa gen okenn revni, moun ki gen po nwa ak moun ki pa pale angle byen. Savan yo rekonèt gen twa gwo danje vil Boston fèt pou konsantre sou yo:

MORE HOT DAYS



Plis Chalè:

Sezon ete ki pi cho. Pral gen gwo vag chalè ki rive pi souvan, e ki pral prezante yon danje pou lasante, pàn kouran ak lòt pwoblèm ankò. Sezon ivè yo pral pi cho kote pral gen vag fredid k ap fè dega poutèt jèl ak glas. (Text box: Chalè nan sezon ete nan Boston ka cho menm jan ak Washington, D.C nan 50 lane epi chalè a ka vin tankou Birmingham, Alabama nan 80 lane.)

INCREASED EXTREME PRECIPITATION



Gwo Lapli ak Gwo Nèj:

Gwo lapli ak gwo nèj ap tonbe pi souvan epi yo antisipe ke tandans sa a pral entewonp sistèm transpò a, l ap domaje bilding ak enfrastrikti, e li pral limite aksè pou jwenn travay ak sèvis.

GREATER AMOUNTS OF SEA LEVEL RISE




Nivo Lanmè a ap Monte:

Nivo lanmè a ap monte epi l ap kontinye monte piplis. Si nou diminye emisyon gaz yo seryezman, sa ka gen yon enpak ki mwens pase 2 pye, sepandan si tout moun kontinye mennen biznis yo kòm dabitid, sa ka lakòz nivo lanmè a monte piplis toujou disi fen syèk la.

Ogmante Preparasyon pou Boston Pare Pou Chanjman nan Klima yo

Inisyativ *Boston Pare Pou Chanjman nan Klima yo (Climate Ready Boston)* mete aksan sou senk aksyon prensipal epi l rekòmande plizyè estrateji pou prepare Boston pou chanjman an.



Konsansis sou Pwojeksyon Klimatik:

Li bay Boston dènye done ak zouti li bezwen pou l devlope plan ak règleman pou l pare pou chanjman klimatik yo.

Estrateji yo Pwopoze

- Fè mizajou nan done klimatik yo chak senkan epi mete done sa yo sou fòm rapò ak chema ki fasil pou itilize.



Kominote ki Prepare e ki Konekte:

Ankouraje moun Boston yo idantifye danje klimatik yo ak jwenn nouvo solisyon.

Estrateji yo Pwopoze

- Travay nan tèt ansanm ak òganizasyon yo pou sansibilize zòt sou risk ak solisyon fas a pwoblèm klimatik yo.
- Ede bay travayè yo fòmasyon yo bezwen pou fè travay ki mande rezistans. Asire ke pwojè yo respekte rekòmandasyon nan domèn anbochaj ki gen rapò avèk salè vital, onivo lokal, biznis ki pou minorite ak fanm.
- Devlope plan rezistans klimatik lokal ak manm kominote yo, pou yo ka reponn a priyorite katye yo.



Litoral Pwoteje:

Ankouraje yon litoral k ap pwospere e ki aksesib; pou sa fèt, se pou yo kreye yon sistèm pou pwoteje litoral la.

Estrateji yo Pwopoze

- Mennen investigasyon pou wè ki opòtinite ki genyen pou investi nan pwoteksyon kont inondasyon lokal ak nan distri a, epi asire ke devlopman an p ap limite chwa solisyon alavni yo.



Enfrastrikti ki Rezistan:

Ranfòse sistèm elektrik, dlo, transpò, kominikasyon ak enèji; epi itilize konsèp pou diminye enpak yo.

Estrateji yo Pwopoze

- Fè mizajou nan estanda planifikasyon ak konsèp pou reflekte risk klimatik yo, ak kowòdone entèkansyon nan tout sistèm enfrastrikti yo.
- Eksplòre sistèm mikwo-rezo elektrik prensipal ki baze sou enèji pwòp nan katye yo ki ka founi kouran lè gen pàn kouran, diminye sou kabòn, epi ankouraje opòtinite ekonomik.
- Devlope itilizasyon enfrastrikti ekolojik pi plis (paregzanp remete marè salan yo pou diminye inondasyon.)



Bilding Reyabilite:

Bati oswa renove kay ak biznis pou yo ka reziste danje inondasyon k ap ogmante ak adapte a tanperati ki pi cho yo.

Mezi yo Pwopoze

- Fè mizajou nan règleman zonaj ak konstriksyon pou prepare nouvo devlopman lojman yo ak eksplòre chwa modènizasyon pou bilding ki egziste yo.
- Prepare bilding ki pi vilnerab yo, sitou bilding yo konsidere ki sèvi piblik la.
- Ankouraje moun pran asirans kont inondasyon.

Men Sa W Ka Fè



Potekole pou Boston ka Pare Pou Chanjman nan Klima yo

Antre nan Rezo Katye Inovasyon Ekolojik Boston (Boston's Greenovate Neighborhood Network) epi potekole dirèkteman pou monte yon plan rezistans pou katye w la atravè dyalòg kominotè *Boston Pare Pou Chanjman nan Klima yo (Climate Ready Boston)*, epi fè chanjman lakay ou ak nan biznis ou.



Diminye Kabòn epi Fè Ekonomi Enèji ak Lajan

Diminye chanjman ki gen rapò ak emisyon kabòn yo nan klima nou an, ekonomize enèji ak lajan atravè pwogram Renesans Boston an (Renew Boston).